

AMNESTY INTERNATIONAL – DEKLARASYON PIBLIK

Dat: 4/ 6 /2024 Endèks: AMR 36/8084/2024

AYITI: PREYOKIPASYON KONSÈNAN MANK TRANSPARANS NAN DEPLWAMAN MISION SIPÒ SEKIRITE MILTINASYONAL (MULTINATIONAL SECURITY SUPPORT, MSS) LA

Deplwaman iminan yon Mision Sipò Sekirite Miltinasyon Non-UN (MSS) ke Kenya ap dirije, avèk manda “pou soutni efò Polis Nasyon Ayisyen an pou retabli sekirite an Ayiti epi kreye kondisyon sekirite k ap kondwi nan òganizasyon eleksyon lib ak ekitab” sòlve divès enkyetid akòz de mank enfòmasyon ki disponib sou mezi ki ap pran pou garanti ke tout operasyon li yo rive fèt byen nan tout respè dwa moun, jan Rezolisyon Konsèy Sekirite 2699 (2023) a mande sa. Nou swete pou deplwaman sa rive fèt nan mwa k ap vini yo.

Anrasinen nan eritaj kolonyalism ak esklavaj, kriz politik, ekonomik, imanite ak dwa moun ki dire depi divès deseni an Ayiti te pi agrave ankò aprè asasina Prezidan Jovenel Moïse an 2021. Enstabilite politik ak ensekirite te entansifye feblès estrikti etatik yo epi te mennen nan vyolasyon jeneralize dwa moun.

Jan Amnesty International deklare nan lèt piblik 28 Out li a ki adrese ak Konsèy Sekirite Nasyon Zini an, entevansyon miltinasyon oubyen etranjè pase yo nan Ayiti te sal pa rapò ak yon istwa abi ak enpinite twoublan. Fas ak reyalite sa, tout mezi nesesè dwe pran alafwa avan ak pou dire an antye tout deplwaman nan peyi Karayibeyen an nan objektif pou anpeche istwa ap repete tèt li.

Malgre kondisyon klè ki etabli nan otorizasyon Rezolisyon 2699 (2023) nan Konsèy Sekirite a, ki mande Eta Manm yo k ap patisipe nan Mision Sipò Sekirite Miltinasyon la (MSS) “garanti nòm transparans ki pi elve yo”, Amnesty International note avèk enkyetid ke peyi ak antite ki enplike nan deplwaman mision sa a poko founi enfòmasyon piblik detaye sou règ, pwosedi, estrikti ak mekanism responsabilizasyon ki pral mete an plas pou gide ak delimite pòte aksyon li yo pandan yo nan peyi a. Nan absans mwayen ki klèman defini pou fè rapò, mennen envestigasyon, oubyen remède ak divès vyolasyon ak abi kont dwa moun, sosyete sivil ak gwoup dwa moun Ayisyen yo te eksprime tou enkyetid yo sou efikasite ak legalite pèsònèl MSS la ak divès aksyon yon fwa yo fin deplwaye nan yon anviwònman konplèks.

Òganizasyon an rekonèt ke pèsònèl ki destine pou sèvi nan MSS la dwe soumèt anba verifikasyon bò kote gouvènman yo k ap kontribiye ak fòs la e ke anplis, sa k ap resevwa asistans lan nan men Etazini dwe soumèt tou anba yon verifikasyon dwa moun, yon jan konfòm ak lalwa Etazini. Sepandan, divès konsèy teknik nan men divès ajans Nasyon Zini (UN) tankou OHCHR t ap rekòmande pou objektif sa. Nou note tou ke, malgre anons sou kontribisyon finansyè enpòtan kèk peyi gentan fè, okenn enfòmasyon pa t rive transmèt tankou konbyen fon ki pral alwe dirèkteman bay sistèm pwoteksyon dwa moun mision sa.

Kidonk, se enperatif pou, nan kontèks deplwaman pwogresif aktyèl pèsònèl MSS la nan peyi a, tout garanti ke sosyete sivil Ayisyen egzije rekonèt ke yo endispensab pa Nasyon Zini ak kominote entènasyon la, pou yo entegre ak kominike klèman.

APEL AMNESTY INTERNATIONAL POU MSS LA

Apa pwosedi kontwòl tout responsab yo, pèsònèl MSS la ta dwe resevwa yon fòmasyon debaz avan deplwaman ak sou dewoulman operasyon yo nan men antite konsène Nasyon Zini yo. Fòmasyon an dwe founi yon konpreyansyon prensip Nasyon Zini debaz yo, direktiv yo, ak politik yo, ki gen ladan yo divès pwoblèm tankou lwa sou dwa moun, eksplwatasyon ak abi seksyèl, pwoteksyon sivil yo, vyolans seksyèl ki lye ak konfli, epi pwoteksyon timoun. Kontribitè yo dwe angaje yo pou respekte nòm sa yo.

Konfòmman ak dispozisyon pètinan rezolisyon Konsèy Sekirite 2699 (2023), Amnesty International rele pou yon mekanism plent aksesib, endepandan, ak transparan (avèk divès règ pwosedi defini), nan yon objektif pou mennen divès ankèt nan tan apwopriye sou tout alegasyon movèz kondwit ak vyolasyon dwa moun yo, ki gen ladan yo eksplwatasyon seksyèl ak abi ki enplike nenpòt pèsonèl ki asiye ak MSS la, kèlkeswa pozisyon oubyen nasyonalite li. Kowoperasyon teknik tankou Wo Komisarya pou Dwa Moun (Office of the High Commissioner for Human Rights, OHCHR), Pwogram Devlopman Nasyon Zini (United Nations Development Program, UNDP), DPO (Depatman Operasyon pou Lapè) ak lòt ajans Nasyon Zini yo, Komisyon Entèameriken Dwa Moun (Inter-American Commission on Human Rights, IACHR), ak Komite Entènasyonal Kwa Wouj (International Committee of the Red Cross, ICRC), rekòmande. Sa ta dwe egzamine tou pwosedi detèminasyon patènite gratis pou timoun ki gen reklamasyon patènite kont pèsonèl MSS la, ansanm ak chemen oryantasyon pou sekirize sipò pou timoun.

Amnesty International kwè yo ta dwe nome ekspè endepandan yo pou dirije mekanism lan epi evalye alegasyon yo nan objektif pou evite tout enjerans, opasite ak yon posib kamouflaj. Patisipasyon sosyete sivil la nan chwa ekspè endepandan yo ak konsèy ak soutyen teknik OHCHR t ap swetab.

Mekanism lan ta dwe konpatib avèk pouswit penal yo ak lòt mezi responsabilizasyon - ideyalman nan yon fason ki soutni plis ranfòsman enstitisyon Ayisyèn yo. Pou ka vyolasyon dwa moun yo tankou egzekisyon ekstrajidisyèl yo, tòti oubyen eksplwatasyon ak abi seksyèl, mekanism lan ta dwe kapab pou depoze yon plent nan tribinal òdinè Ayisyen, oubyen nan nenpòt jiridiksyon yon peyi k ap bay pèsonèl, andeyò konpetans tout tribinal nasyonal selon prensip jiridiksyon inivèsèl la, nan objektif pou mennen ankèt, epi, si genyen prèv ki resevab sifizan, pouswiv tout moun ki sispèk de responsablite kriminel, ki gen ladan yo sa ki okipe yon pòs kòmandman oubyen yon pozisyon ki pi wo yo. Finalman, divès nòm ak règ klè pou aksyon disiplinè, konpansasyon, ak nenpòt lòt mezi reparasyon pètinan ta dwe devlope nan yon apwòch baze sou dwa moun, epi ideyalman avèk kontribisyon ak patisipasyon kominote Ayisyèn yo. Peyi k ap kontribiye yo dwe angaje yo pou finansman solisyon yo.

Finalman, Amnesty International mande pou divès fon apwopriye rive alwe pou yon kontwòl endepandan respè dwa moun bò kote MSS, pou trete plent pou abi prezime yo, envestigasyon, ak yon reparasyon konplè. Pou asire ke viktim yo jwenn aksè apwopriye ak reparasyon, Nasyon Zini (UN) dwe otorize fon fidisyèl MSS pou kouvri konpansasyon ak lòt rekou yo, pandan y ap egzije pou peyi k ap kontribiye yo asime responsablite iltim ranbousman dèt ki lakoz pa resòtisan pa yo si fon MSS la pa konplètman finansman.

Amnesty International rekòmande avèk fèmte pou pran an kont preyoqipasyon sa yo avan ak pandan dewoulman deplwaman fòs la. Pwoteksyon dwa moun dwe toujou rete devan tout pwosesis priz desizyon ki lye ak asire sekirite ak estabilite nan Ayiti.